# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु 'सबका साथ सबका विकास– जनता की आकांक्षाओं की पूर्ति' विषय पर बजट के बाद वेबिनार के संबोधित कइलें। येह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि पछिला कुछु सालि में भारत क स्वास्थ्य ढांचा अउरियों मजबूत भइल हौ। आयुष्मान भारत योजना का फायदा जन–जन ले पहुंचि रहलि हवे।

***साथियों, भारत आज प्रिवेंटिव और होलिस्टिक हेल्थ के लिए एक विशाल विजन पर काम कर रहा है। पिछले कुछ वर्षों में देश का हेल्थ इंफ्रास्ट्रक्चर मजबूत हुआ है, सैकड़ों जिलों में नए–नए मेडिकल कॉलेज खुल गए हैं। आयुष्मान भारत योजना, आरोग्य मंदिरों के माध्यम से स्वास्थ्य सेवाओं की पहुंच गांव–गांव तक बढ़ाई गई है।***

प्रधानमंत्री मोदी कहलें कि जनता के इच्छा के पूर्ति खाली चर्चा क विसय नाही हौ, बलुक ई बजट क आधार अउर सरकार क प्रतिबद्धता हौ। देखभाल अर्थव्यवस्था के पनपले पर जोर देत श्री मोदी कहलें कि केयरगिवर्स क बढ़त वैश्विक मांग देस के लाखों नौजवानन खातिर कौसल आधारित रोजगार क नया मौका पैदा कई रहल हवे। प्रधानमंत्री विज्ञान, प्रौद्योगिकी, इंजीनियरिंग अउर गणित के क्षेत्रन में मेहरारून के बढ़त संख्या पर गर्व जतवलें। श्री मोदी भविष्य के प्रौद्योगिकियन में बेटियन खातिर समान मौका तय कइले क सरकार के प्रतिबद्धता के दोहरवलें।

**********

डिजिटल कनेक्टिविटी के साथे  रोजगार सृजन के बढ़ावा देवे खातिर 'प्रोजेक्ट गंगा' के तहत आजु लखनऊ में स्टेट ट्रांसफॉर्मेशन कमीशन अउर हिंदुजा ग्रुप क सहायक कंपनी वनओटीटी एंटरटेनमेंट लिमिटेड के बिच्चे करार भइल।

येह परियोजना में अगिला दुइ से तीन साल में बीस लाख से बेसी घरन ले हाई–स्पीड इंटरनेट पहुंचवले क लक्ष्य रक्खल गइल हौ। जबकि न्याय पंचायत स्तर पर आठ हजार से दस हजार स्थानीय नौजवानन के डिजिटल सेवा प्रदाता के रूप में विकसित कइल गइल। येह में मेहरारून क करीब पचास फीसदी भागीदारी तय कइले क योजना बा। कार्यक्रम में वित्त आ संसदीय कार्य मंत्री सुरेश कुमार खन्ना कहलें क आजु क ई एमओयू प्रदेस में डिजिटल इंफ्रास्ट्रक्चर के मजबूत करे के दिसा में महत्वपूर्ण कदम हौ।

***जो एमओयू हुआ है, यह अपने आप में उत्तर प्रदेश में एक बहुत बड़ा डिजिटल इंफ्रास्ट्रक्चर के क्षेत्र में एक महत्वपूर्ण कदम है। और हम समझते हैं कि यह आज उत्तर प्रदेश की सबसे बड़ी आवश्यकता यह है कि हम ज्यादा से ज्यादा लोगों को एंप्लॉयमेंट दें। और अगर तकनीक के साथ एंप्लॉयमेंट दिया जाए तो मैं समझता हूं कि वह सबसे ज्यादा सार्थक होगा। क्योंकि डिजिटल युग है, हर क्षेत्र में डिजिटलाइजेशन को बढ़ावा दिया जा रहा है।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के सरकारी आवास पर जनता दरसन क आयोजन कइलें। येह दौरान प्रदेस भर से आइल लोगिन के सेमेस्या के सुनलें अउर ओन्हें दूर कइले क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री से भेटि के दौरान दुइ गो उद्यमी आपन सेमेस्या रखलें । मुख्यमंत्री जुड़ल विभागन के खास तौर से उत्तर प्रदेश राज्य औद्योगिक विकास प्राधिकरण अउर जिला प्रसासन के समय सीमा के भित्तर समाधान तय कइले क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार सिंगल विंडो सिस्टम के लेके कई गो पारदर्शी व्यवस्था लागू कइलें हौ। उद्यमियन के परेसानी के प्राथमिकता के आधार पर दूर कइल जाई।

**********

प्रदेस के कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालयन– केजीबीवी में पढ़ि रहल बेटियन के सुरक्षा अउर अनुसासन के लेके आजु से अयोध्या, प्रतापगढ़ अउर गाजियाबाद के केजीबीवी वार्डनों क खास ट्रेनिंग सुरू भइल। ई प्रशिक्षण नेशनल इंस्टीट्यूट ऑफ एजुकेशनल प्लानिंग एंड एडमिनिस्ट्रेशन, नई दिल्ली अउर भारत सरकार के सहयोग से आयोजित कइल जा रहल हौ।

भारत सरकार क सचिव रामनिवास उद्घाटन सत्र के संबोधित करत कहलें कि कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालय खाली शिक्षा क केन्द्र नाही बलुक ओह बेटियन खातिर अवसर क मंच हौ जे सामाजिक अउर आर्थिक रूप से वंचित पृष्टभूमि से आवेलिन। ऊहां के कहलीं कि ई प्रसिक्षण वार्डन के नेतृत्व क्षमता, प्रबंधन कौशल अउर बालिका संरक्षण के प्रति संवेदनशीलता के अउरियो मजबूत करी।

**********

बस्ती में आजु एगो ट्रेलर अउर ऑटो के बिच्चे भइल टक्कर मे एगो मेहरारू समेत तीनि जने क मउति हो गइल आ सात जने अउरियो गम्भीराहे घाही हो गइलें। कोतवाली थान्हा इलाका के हरदिया चौराहे पर भइल ई हादसा के बाद बेकाबू ट्रेलर सड़क किनारे लागल बिजुली के खम्हा में जा भिड़ल। ओइजा मौजूद लोग बतवलें कि तेज रफ्तार ट्रेलर आपन नियंत्रण खो दिहलसि अउर सामने से आ रहल आटो के ठोकरिया दिहलसि। मौका पर पहुंचल पुलिस घायलन के अस्पताले में भरती करवलस।

**********

मौसम विभाग अगिला सात दिनन ले प्रदेस के न्यूनतम तापमान में कउनो बड़हन बदलाव नाही भइले क आगम जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से अगिला चार दिनन में अधिकतम तापमान में दुइ से तीनि डिग्री सेल्शियस तक ले क क्रमिक बढ़ोत्तरी होई, ओकरे बाद ओतनिये क गिरावट भइले क आगम बा।

**********